


# ERJETPEGENLER JINAYIY JUWAPKERSHILIGINIŃ QÁSIYETLERI

**Saparbayeva Shaxnoza Rustem kizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Yuridika fakulteti, Jınayat huqıqı, processi hám kriminalistika kafedrasi stajyor oqıtıwshısı
https://doi.org/10.5281/zenodo.15708910

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 10-Iyun 2025 yil
Ma'qullandi: 14-Iyun 2025 yil
Nashr qilindi: 21-Iyun 2025 yil

**KEY WORDS**
*erjetpegen shaxslar, erjetpegenler jınayıy juwapkershiligi, járiyma , májbúriy jámiyetlik jumıslari, miynet penen dúzetiw jumısları, erkinlikti sheklew, erkinen ayırıw, májbúrlew ilajlari, jazadan azat etiw instituti, arnawli kolaniyalar.*

**ABSTRACT**
*Bul maqala erjetpegenler jınayıy juwapkershiliginin` ózine tán ózgeshelikleri, jas óspirimlerge tayınlanatuǵın jaza túrleri hám muǵdarı hám de jas óspirimler jınayıy juwapkershiliginiń ózine tán táreplerin analiz etiw imkaniyatın beredi. Sonday-aq erjetpegenlerdi jınayıy juwapkershilikten hám jazadan azat etiw túsinigi hám túrleri, onıń huqiqiy belgilerin yuridikalıq talqılaw imkaniyatın beredi. Sonday-aq erjetpegenlerdi jinayiy juwapkershilikke tartiwdan ko`zlengen maqset, erjetpegenlerdin` jinayiy juwapkershilikti o`tew tartibi siyaqlilar korsetilip o`tiledi.*

Erjetpegen shaxstıń hár tárepleme bárkamal rawajlanıwı ushın zárúr nızamshılıq bazasın, sharayatlardı jaratıw, olardıń huqıqların qorǵaw ámelge asırılıwın támiyinlew mámleketlik siyasattıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri esaplanadı. Bul jumısqa tikkeley baylanıslı BMShnıń "Bala huqıqları haqqında"ǵı konvenciyasına Ózbekstan 1992-jıl 9-dekabrde qosıldı hám usı hújjet qaǵıydalarınan kelip shıǵatuǵın minnetlemelerin izbe-iz orınlap kelmekte. Jas óspirimlerdiń fizikalıq hám psixologiyalıq rawajlanıwın itibarǵa alǵan halda nızam shıǵarıwshı erjetkenge jas óspirimlerdiń jınayıy juwapkershiligine baylanıslı normalar belgilewde adamgershilik hám ádillik principlerine ámel etken halda olardıń huqıqları hám nızamlı máplerin jınayat-huqıqıy jaqtan qorǵag`an.

Sonıń ishinde 1994-jılı qabıl etilgen Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksin islep shıǵıwda da jas óspirimlerdiń jınayıy juwapkershiligi máselesine ayrıqsha itibar qaratılǵan.

Ayırım yuridikalıq ádebiyatlarda erjetpegenler eki toparǵa bólinedi:

on tórt jastan on altı jasqa shekemgi shaxslardı kishi jastaǵı jas óspirimler;

on altı jastan on segiz jasqa shekemgi bolǵanlardı úlken jastaǵı erjetpegenler.

Ózbekstan Respublikasınıń jınayat nizamshılıǵına muwapıq, jınayıy juwapkershilikke tartıwdıń eń kishi jası on tort jas esaplanadı.

Er jetpegen jınayatshılar óziniń jası boyınsha, belgili bir sociallıq-psixologiyalıq, psixofiziologiyalıq rawajlanıw jámiyetke beyimlesiw dárejesi hám basqa da ózgesheliklerine iye. Sonday-aq, jas óspirimlerge qosımsha jazalar tayınlanıwı múmkin emesligi belgilengen.

Jas óspirimlerge qarsı Ózbekstan Respublikası Jinayat kodeksiniń 81-statyasına muwapıq to`mendegi jazalar qollanılıwı múmkin:

járiyma;

májbúriy jámiyetlik jumıslar;

-miynet penen dúzetiw jumısları;

- erkinlikti sheklew;

- erkinen ayırıw.

Belgili bir huqıqtan ayırıw túrindegi qosımsha jaza er jetpesten jınayat islegen shaxslarǵa tayınlaw múmkin emes.

Jınayat kodeksiniń 82-statyasına bola, er jetpesten jınayat islengen shaxsqa salıstırǵanda eń kem aylıq is haqınıń eki esesinen jigirma esesine shekem járiyma jazası tayınlanadı.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı Plenumınıń 2006-jıl 3-fevralda 1-sanlı "Sudlar tárepinen jınayat ushın jaza tayınlaw ámeliyatı haqqında"ǵı qararına muwapıq erjetpegenlerge jaza tayınlaw waqtında jaza tayınlawdıń ulıwma qaǵıydalarınan tısqarı erjetpegen shaxstıń rawajlanıw dárejesi, turmıs sharayatı hám tárbiyası, densawlıǵı, sonıń ishinde, ruwxıy rawajlanıw dárejesi, jınayattı islew motivleri, úlken jastaǵı shaxslardıń onıń minez-qulqına unamsız tásiri haqqındaǵı maǵlıwmatlar, shaxsına tásir etiwshi basqa jaǵdaylar anıqlanadı hám olar bahalanadı. Sonday-aq, eger shaxs on segiz jasına shekem jınayat islegen bolsa da, biraq is sudta kórilip atırǵan waqıtta er jetken bolsa oǵan tayınlanıp atırǵan jaza múddeti yamasa muǵdarı jas óspirimlerge tayınlanatuǵın jınayıy jaza múddeti hám muǵdarınan artıq boliwi múmkin emes. Shaxs tárepinen bir neshe jınayat islenip, olardıń ayırımları erjetpegen, qalǵanları erjetken dáwirde júz bergen bolsa, sud jınayatlar jıyındısı boyınsha jaza tayınlawda dáslep Jınayat kodeksiniń 82-86-statyaları talaplarına ámel etken halda on segiz jasqa shekem islengen jınayatlar ushın, keyin bolsa erjetkenlikten keyin islengen jınayatlar ushın jaza tayınlap, sońınan Jınayat kodeksiniń 59-statyasına muwapıq uzil-kesil jaza tayınlaydı.

Erjetpegen shaxsqa járiyma túrindegi jazanı qollanılǵanda sudlanǵan shaxs járiyma tólewden altı ay múddet dawamında bas tartsa, sud tólenbegen eń kem aylıq miynet haqınıń bir esesi muǵdarındaǵı járiyma eki saat májbúriy jámiy jumıslar túrindegi jaza menen almastıradı. Bunnan tısqarı tólenbegen eń kem aylıq is haqınıń eki esesi muǵdarındaǵı járiyma miynet penen tártipke salıw jumıslarınıń bir ayına teńlestirilip ol tártipke salıw jumısları jazası menen almastıradı.

Jas óspirimlerge tayınlanıwı múmkin bolgan jaza túrlerinen biri májbúriy jámiyetlik jumıslar túrindegi jınayıy jaza bolıp, Jınayat kodeksiniń 82-statyasına muwapıq májbúriy jámiyetlik jumıslar túrindegi jınayıy jaza tek ǵana miynetke jaramlı jas óspirimlerge salıstırǵanda alpıs saattan eki júz qırq saatqa shekemgi múddetke tayınlanadı.

Erjetpegen shaxsqa baylanıslı májbúriy jámiyetlik jumıslar túrindegi jınayıy jaza tayınlawdıń tómendegi belgileri bar:

jaza erjetpegenlerdiń densawlıǵına hám ruwxıy jaqtan rawajlanıwına zıyan jetkermewi;

jaza erjetpegenlerdiń oqıw procesin buzbawı;

on altı jastan on segiz jasqa shekemgi shaxslar tárepinen májbúriy jámiyetlik jumıslardı orınlaw múddeti altı ay dawamında kúnine eki saattan kóbeymesin;

sudlanıwshıǵa baylanıslı bolmaǵan jaǵdaylar júzege kelgende bul jaza bir jilǵa shekemgi múddette kúnine eki saattan artpawı kerek

Jınayat kodeksiniń 83-statyasına bola, jas óspirimlerge jaza tayınlawda miynet penen du`zetiw jumısları tek miynetke jaramlı jas óspirimlerge óziniń jumıs ornında ótew, ayıpker

hesh jerde jumıs islemese, usı jazanıń orınlanıwın qadaǵalawshı uyımlar belgileytuǵın ózi jasaytuǵın aymaqtaǵı basqa orınlarda ótiw tárizinde bir aydan bir jılǵa shekemgi múddetke tayınlanadı. Eger erjetpegen shaxs tayınlanǵan tártipke salıw jumısları túrindegi jazanıń onnan bir bóleginen kóbiregin ótewden bas tartsa, sud bul jazanıń ótelmegen bólegin miynet penen du`zetiw jumıslarınıń hár úsh kúnin azatlıqtan sheklew yamasa erkinen ayırıwdıń bir kúnine teńlestirip esaplap, erkinlikti sheklew yaki erkinen ayırıw túrindegi jaza menen almastıradı.

Miynet penen duzetiw  jumısları sud húkimi menen belgilengen múddetke májbúriy túrde miynetke tartıp, onıń miynet haqısınan mámleket paydasına belgili muǵdarda procent óndiriw túrindegi jaza shara esaplanadı. Ózbekstan Respublikası JK 84-statyasına muwapıq erjetpegenlerge erkinlikti sheklew jazası tiykarǵı jaza ilajı sıpatında altı aydan eki ayǵa shekemgi múddetke tayınlanadı. Erkinlikti sheklew sudlanıwshınıń jasaw ornında ótiw shártleri islengen qılmıstıń ózgesheligi hám sud shıǵarǵan qarardı orınlaw etiwden bas tartıwdıń aldın alıwdı esapqa alǵan halda sud tárepinen belgilenedi. Bul jaza sudtıń qararına tiykarlanıp sudlanıwshınıń belgili bir huqıqların sheklewden ibarat bolıp, olarǵa jasaw úyinen belgili bir waqıt dawamında yamasa ulıwma shıǵıwdı sheklew, belgili jerlerge barmaw, ǵalabalıq hám basqa da ilajlar ótkeriwde qatnaspaw, belgili bir buyımlarga iye bolmaw yamasa olardı ózinde saqlamaw, transport quralın basqarmaw, jergilikli aymaqta bilim alıwı hám usı aymaqtan shetke shıǵıwdı sheklew, belgili shaxslar menen baylanıs ornatpaw, baylanıs quralları, sonıń ishinde internetten paydalanbaw, jasaw hám jumıs ornın arnawlı atqarıwshı uyımdıń eskertiwsiz ózgertiw kirmeydi. Sud usı jaza túrin qollanıwǵa húkim etkeninde shaxsqa ózi jetkergen materiallıq hám ruwxıy zıyanniń ornın basıw, jumısqa yamasa oqıwǵa jaylasıw minnetlemelerin, sonday-aq onıń dúzeliwine kómeklesiwshi basqa minnetlemelerdi de júklewi múmkin.

Jınayat kodeksiniń 85-statyasına muwapıq erjetpegenlerge erkinen ayırıw altı aydan on jılǵa shekemgi múddetke tayınlanadı.

Sud tárepinen erjetpegen shaxsqa onı jámiyetten ajıratpaǵan halda qayta tárbiyalawdıń imkaniyatı bolmaǵan jaǵdaylarda ǵana erkinen ayırıw islew túrindegi jazanı tayınlaw múmkin.

Erjetpegenlerge ayıplanıw túrindegi jazanıń tayınlawda erjetpegen shaxslardıń eki toparı ajıratıladı:

1. Jınayat islew waqtında on to`rt  jastan on altı jasqa shekem bolgan shaxslarǵa;

2. Jınayat islew waqtında on altı jastan on segiz jasqa shekem bolgan shaxslarga qarata.

Erkinen ayırıw jınayat islegen waqıtta on to`rt jastan on altı jasqa shekem jasqa shekemgi shaxslarǵa:

awır jınayat ushın - altı jılǵa shekem;

oǵada awır jınayat ushın - on jılǵa shekemgi múddetke tayınlanadı.

Erkinen ayırıw jınayat islegen waqıtta on altı jastan on jasqa shekem segiz jasqa shekemgi shaxslarǵa:

-awır jınayat ushın - jeti jılǵa shekem;

-oǵada awır jınayat ushın - on jılǵa shekemgi múddetke tayınlanadı.

Jınayat nızamshılıǵında nızam shıǵarıwshı er jetpesten sociallıq úlken qáwipli bolmaǵan jınayat islegen, aqılsızlıq aqıbetinde jınayat islegen islegen yamasa qastan onsha awır bolmaǵan jınayat islegen shaxslarǵa jaza tayınlanbaytuǵınlıǵı haqqında qaǵıydanı

bekkemlegen. Atap ótiw kerek, erkinen ayırıw sıpatındaǵı jınayıy jazanı ótew haqqında húkim shıǵarıw waqtında on segiz jasqa tolmaǵan shaxslarǵa tiyisli usı túrdegi jazanı tárbiya koloniyalarında ótiw tayınlanadı. Jas óspirimlerge jınayıy jaza tayınlawda itibarǵa alınıwı talap etiletuǵın bir qatar tárepler bar. Sonıń ishinde, Ózbekstan Respublikası Joqari Sud Plenumınıń 2000-jıl 15-sentyabrdegi 21-sanlı "Jas óspirimlerdiń jınayatları haqqındaǵı isler boyınsha sud ámeliyatı haqqında"ǵı qararına muwapıq sud jas óspirimlerge jaza tayınlawda islengen jınayattıń ózgesheligi hám jámiyetlik qáwiplilik dárejesi hám jazanı jeńillestiriwshi hám awırlastırıwshı jaǵdaylardı názerde tutıp, erkinen ayırıw menen baylanıslı bolmaǵan jazanı qollanıw imkaniyatın dodalawı kerek. Sud ayıpkerdi jámiyetten ajıratılmastan qayta tárbiyalaw imkaniyatı bolmaǵan jaǵdaylarda ǵana erkinen ayırıw túrindegi jazanı tayınlawı múmkin.

Jınayat kodeksiniń 86-statyasına muwapıq, on to`rtten on altı jasqa shekem jasına shekem bolmaǵan waqtında jinayat islegen shaxslarǵa qarsı jınayatlar jámi retinde jaza tayınlanganda:

erkinen ayırıwdıń eń kóp múddeti on jılǵa shekem;

-eger islegen jınayatlarınıń birewi oǵada awır jınayat bolsa, on eki jilǵa shekem tayınlanadı.

On altı jastan on segiz jasqa shekem bolǵan waqıtta jınayat islegen shaxslarǵa qarsı jınayatlar jıyındısı sıpatında erkinen ayırıw jazası tayınlanganda:

-erkinen ayırıwdıń múddeti on eki jılǵa shekem;

-islengen jınayatlardıń birewi oǵada awır jınayat bolsa, on bes jilǵa shekemgi múddetke tayınlanıwı múmkin.

Jınayat kodeksiniń 86-statyasında nızam shıǵarıwshı jámiyetlik qáwipli qılmıs islew waqtında on tort jastan on segiz jasqa shekem bolǵan shaxslarǵa bir neshe húkim boyınsha tayınlanatuǵın erkinen ayırıw islew jazasınıń múddeti on bes jıldan aspawı kerekligin názerde tutadı.

Usı kózqarastan qaraǵanda, erjetpegenlerdi jınayıy juwapkershilikten azat etiw jınayat islegen shaxsqa nızamda kórsetilgen jınayıy-huqıqıy sankciyanı qollanbay, kerisinshe, onı bunday juwapkershilikten azat etiwdi bildiredi. Bul jaǵday jınayıy juwapkershilikten azat etiw túrleri ushın, sonıń ishinde, kelisiw múnásibeti menen, sonday-aq, erjetpegenlerge májbúriy sharalardı qollanǵan halda jınayıy juwapkershilikten azat etiwge de tiyisli. Erjetpegenlerdi jınayıy juwapkershilikten azat etiw májbúrlew sharaların qollanǵan halda ámelge asırıladı. Májbúriy ilajlar tek ǵana erjetpegenlerge qollanıladı hám ózinde tárbiya mazmunın kórsetedi. Olardıń qollanılıwı jınayat islegen jas óspirimlerdiń jınayıy jumıstı dawam ettirmewinde hám jámiyetlik turmısqa tezirek beyimlesiwinde ayrıqsha áhmiyetke iye.

2011-jıl 17-yanvarda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2011-jil "Jas óspirimler isleri boyınsha komissiyalar jumısın jetilistiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında"ǵı 13-sanlı qararına tiykarlanıp boyınsha komissiyalar haqqındaǵı Reje tastıyıqlanǵan edi. Rejege muwapıq, Jas óspirimler isleri boyınsha komissiyalar óz jumısın jámiyetshiliktiń tiykarında ámelge asıratuǵın, jas óspirimler arasında qadaǵalawsızlıq hám huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw uyımları esaplanadı. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 14-marttaǵı PQ-2833-sanlı "Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası hám jınayachılıqqa qarsı gúresiw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı qabıl etilip, usı Qarardıń 3-bántine tiykarlanıp joqarıda aytılǵan Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Jas

óspirimler isleri boyınsha komissiya, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası, rayonlar (qalalar) hákimlikleri janındaǵı óspirimge jas óspirimler isleri boyınsha komissiyalardı tiyislisinshe Jas óspirimler jumısları boyınsha respublikalıq uyımlararalıq komissiya hám jas óspirimler isleri boyınsha aymaqlıq uyımlararalıq komissiyalar etip qayta shólkemlestirildi. Sociallıq qáwipi úlken bolmaǵan jınayattı birinshi márte islegen erjetpegen shaxs, joqarıda atap ótilgenindey, islegen qılmısınıń ózgeshelikleri, ayıptıń shaxsın hám jumıstıń basqa jaǵdayların esapqa alıp, onı jazalaw qollanbastan da dúzetiw múmkin degen juwmaqqa kelinse, juwapkershilikten azat etilip, jumıs jas óspirimler isleri boyınsha respublikalıq uyımlararalıq komissiyası hám jas óspirimler isleri boyınsha aymaqlıq uyımlararalıq komissiyalarda kóriwge tapsırıladı. Bunnan tısqarı, jámietlik qáwipli qılmıstı islegenlikte ayıplanıp atırǵan erjetken adamǵa jas óspirim fizikalıq hám ruwxiy rawajlanıwda óz jasına salıstırǵanda ádewir artta qalǵan bolsa hám islegen qılmısınıń áhmiyetin tolıq túsinip jetpegende, sud jaza ornına oǵan tiyisli májbúriy shara qollanıw maqsetinde muwapıqlıǵı haqqındaǵı máseleni kórip shıǵadı. Májbúriy ilajlar ózgesheligine qaray, jaza ilajı esaplanbasa da, onı qollanıwdıń maqseti de jaza sharaların qollanıwdıń maqseti menen uqsas. Sebebi erjetpegen shaxsqa májbúriy ilajlar menen tásir etiwde isendiriw jolı menen háreket etiledi, jinayat islewdiń jámiyetlik qáwipliligi oǵan sanalı túrde túsindiriledi.

Jınayat kodeksiniń 88-statyasına muwapıq erjetpegenlerge oǵan tómendegi májbúrlew sharaları qollanıladı:

1. Sud belgileytuǵın formada jábirleniwshiden keshirim soraw minnetlemesin júklew;

2. On altı jasqa tolǵan shaxsqa jetkerilgen zıyandı óz qarjısı esabınan yamasa miyneti menen tólew yamasa saplastırıw minnetlemesin júklew;

3. Erjetpegendi arnawlı oqıw-tárbiya mákemesine jaylastırıw.

On altı jasqa tolǵan shaxsqa jetkerilgen zıyannıń óz qarjısı esabınan yamasa miyneti menen tólew yamasa saplastırıw minnetlemesin júklew túrindegi májbúriy shara jetkerilgen zıyan belgilengen eń kem aylıq jumıs tóleminiń on esesinen aspaǵan jaǵdaylarda qollanıladı. Jetkerilgen ziyan belgilengen eń kem aylıq miynet haqınıń on esesinen artqan jaǵdaylarda jetkerilgen zıyan puqaralıq huqıqıy tártipte óndiriledi. Ózbekstan Respublikası Jınayat-orınlaw kodeksiniń 15-statyasında jas óspirimlerge baylanıslı jábirleniwshiden keshirim soraw, jetkerilgen zıyandı qaplaw yamasa saplastırıw minnetlemesin júklew túrindegi májbúrlew sharaları sud tárepinen orınlanadı. Sonday-aq, Jınayat-orınlaw kodeksiniń 195-statyasına muwapıq jábirleniwshiden awızeki yamasa jazba túrde, kópshilik aldında keshirim soraw yaki jeke tártipte keshirim soraw túrinde ámelge asırılıwı múmkin. Erjetpegen shaxstıń keshirim soraw ornı, waqtı hám tártibi sud tárepinen belgilenedi. Uzr soraw minnetlemesin júklew túrindegi májbúrlew ilajınıń orınlanǵanlıǵı haqqında tiyisli hújjet rásmiylestiriledi.

Erjetpegen shaxslardı jınayıy jazasınan azat etiw tómendegi usıllarda ámelge asırıladı ámelge asırıladı:

jazanı ótewden múddetinen aldın shártli azat etiw;

jazanı jeńilirek penen almastırıw.

Erjetpegen shaxsqa jazanı ótew múddetinen aldın shártli azat etiw - sudlanıwshınıń dúzeliw ushın áhmiyetli faktor bolıp, unamlı tárbiyalıq tásir jazanı orınlaw mákemelerinde tártip hám tárbiyanı támiyinlewdiń áhmiyetli quralı. Sud húkimi menen tayınlangan jaza múddetinen aldın azat boliw múmkinligin biliw, sudlanıwshınıń múddetinen aldın normal

sociallıq turmısqa hám shańaraqqa qaytıw tilegi jazanıń tárbiyalıq tásirin kúsheytedi.

Jınayat kodeksiniń 89-statyasına muwapıq tómendegi tiykarlar bar bolǵanda erjetpegen shaxsqa jazanı ótewden aldın shártli azat etiw qollanıladı:

1. Sociallıq qáwipi úlken bolmaǵan yaki onsha awır bolmagan jınayat ushın tayınlanǵan jaza múddetiniń keminde tórtten bir bólegi;

2. Awır jınayat ushın tayınlanǵan jaza múddetiniń keminde úshten bir bólegi bólegin haqıyqıy ótep bolǵannan keyin;

3. Ótkir awır jinayat ushin, sonday-aq, qastan islegen jinayatı ushin eger shaxs aldın qastan islengen jınayatı ushın erkinen ayırılsa jazasına húkim etilgen bolsa, tayınlanǵan jaza múddetiniń keminde yarımınan haqıyqatında ótip bolǵannan keyin.

Juwmaqlaw

Juwmaqlap aytqanda ko`pshilik ma`mleketlerde erjetpegen shaxslar dep 18 jasqa shekemgi bolg`an shaxslar ta`n alinadi. Jinayiy juwapkerlik jasi 16 jas etip belgilengen, biraq ayrim jag`daylarda bul 14 jas sipatinda da  qabil aliniwi mumkin. Erjetpegenlerge qarata jaza sharalari ulkenlerge qarag`anda jen`ilrek boladi. Maqset jazalaw emes, balkim tarbiyalaw. Jinayiy juwapkerlikde olar ushin o`mirlik erkinen ayiriw jazasi qollanilmaydi. Erjetpegenler arnawli mekemelerde, maselen ospirimler kolaniyasinda jaza o`tewleri mumkin. Olarg`a reabilitatsiya, ta`lim ha`m psixologiyaliq ja`rdem korsetiwge itibar qaratiladi. Ko`binshe erjetpegen shaxslar  qilmislari ushin eskertiw, ata-analarg`a jariyma saliw yaki qadag`alawg`a aliw siyaqli shara-ilajlar qollaniladi. Sud erjetpegenlerdi arnawli talim-tarbiya mekemelerine jiberiwi mu`mkin. Erjetpegenlerdin` huqiqlari ustin esaplanadi, sonday-aq olarg`a bolek yuridikaliq jardem korsetiledi. Sud pocecleri jabiq tarizde otkiziledi ha`m jeke mag`liwmatlar sir saqlanadi. Erjetpegen shaxslardin` keleshekte jamiyetke qayta qosiliwi ushin zaruriy reabilitatsiya da`sturleri islep shig`iladi. Maqseti erjetpegenlerdin` socialliq xulqin du`zetiw ha`m jinayattin` qaytalaniwin aldin aliw

## References:

1. Ўзбекистон Республикаси қонунчилик маълумотлари миллий базаси — https://lex.uz/docs/4979896
2. https://www.kissamago.com/supreme-court-audio-recording-transcription/
3. https://www.judiciary.uk/guidance-and-resources/presidential-guidance-recording-of-hearings-and-transcription-of-recordings-in-hesc/
4. https://www.americanbar.org/groups/journal/articles/2022/remote-court-transcription-technology-enables-virtual-court-appe/
5. https://chrt-tcdp.gc.ca/en/about-us/practice-direction-recording-hearings-use-court-reporters-and-transcripts
6. Zhang, Xingmei. 2022. China's mode of electronic reform for court records. Pravovedenie 66 (4): 360–370. https://doi.org/10.21638/spbu25.2022.401
7. https://www.judiciary.gov.sg/singapore-international-commercial-court/forms-and-services/use-of-technology-at-the-sicc